



# Avans Kredi Enpo pou Timoun an 2021

## Peman yo ap Kòmanse 15 Jiyè 2021

- Fanmi kalifye yo ka resevwa peman avans jiska \$300 chak mwa pou chak timoun ki gen mwens pase 6 lane epi jiska \$250 chak mwa pou chak timoun ki gen 6 lane ak plis.
- Peman yo ap kòmanse 15 Jiyè epi y ap voye chak mwa jiska 15 Desanm san okenn lòt aksyon nesèsè.
- Ou ka benefisye kredi a menmsi ou pa genyen revni oswa pa dwe okenn enpo sou revni.
- Kredi a gen ladan timoun ki gen 17 lane nan 2021 an.
- Kredi enpo a elaji pou li pran peman avans pou 2021 sèlman.

### Ou te deklare deja?

Ou pa bezwen antreprann okenn aksyon kounya si ou te fè yon deklarasyon enpo 2020.

### Ou poko deklare?

Fè deklarasyon enpo w la osito posib. Pou moun ki pa gen obligasyon pou fè yon deklarasyon enpo epi ki pa t deklare an 2019 oswa 2020, vizite **Zouti Enskripsyon Non-Deklaran** espesyal IRS la pou plis detay epi enskri rapid. Ou ka kalifye pou Kredi Enpo pou Timoun nan ak Peman Enpak Ekonomik yo.



**Kontribyab kalifye ki pa vle resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun 2021 an ap gen opòtinite pou yo dezenskri pou sispann resevwa peman yo.**